

**Règleman Sante Mantal pou:
Match Lekòl Piblik Otonòm**

Prefas:

Lekòl Piblik Otonòm Match (“Match”) angaje l pou l sipòte sante mantal tout manm kominote Match la, enkli elèv, paran, fanmi ak anplwaye (ki rele “kominote Match”). Match rekonèt nesesite efò kolaborasyon ak entansyonèl pou reyalize misyon sa a. Konsa, Direktè Egzekitif la, an konsiltasyon ak enfimyè lekòl yo, pwofesyonèl sante mantal, lidè ak lòt moun ki gen enterè jan sa apwopriye, pral devlope, epi answit evalye ak rafine pratik sipò sante mantal Match yo sou yon baz kontinyèl.

Deklarasyon Pwotokòl:

Objektif règleman sa a se asire Match se yon espas ki an sekirite ak an sante pou tout manm kominote Matchbla, epi asire resous adekwat sante mantal yo disponib fasilman pou kominote Match la. Règleman sa a pral dekri pratik jeneral sante mantal Match la, ansanm ak pwosedi pou ogmante preparasyon pou ijans. Pwotokòl ki detaye anba a dwe toujou swiv Lwa sou Dwa Edikasyon Fanmi ak Konfidansyalite (FERPA), lwa sou dosye elèv Massachusetts yo (603 CMR 23.00), Lwa sou Transparans ak Responsabilite Asirans Sante (HIPAA), ak nenpòt lòt lwa federal oswa eta ki enpòtan.

Gid Administratif:

Anvan 1ye septanm chak ane, Match dwe revize epi mete ajou Règleman sou sante mantal sa a ann akò ak MGL c. 71 s. 37Q, anvan finalize ak pibliye Manyèl Anplwaye ane sa a.

A. Sèvis Sante Mantal Jeneral

- I. Sipò pou Elèv: Match kwè sa aksè nan sèvis sante mantal nan lekòl ak sipò dirèkteman amelyore sekirite fizik ak sikolojik elèv yo, pèfòmans akademik, pèfòmans mantal ak aprantisaj, ak devlopman sosyal-emosyonèl. Anplwaye Match yo pral travay pou kreye ak soutni yon anviwònman lekòl pozitif.
 - a. Pwofesyonèl Sante Mantal Lisansye ki kalifye nan lekòl la, tankou konseye, travayè sosyal, sikològ ak/oswa enfimyè (“Pwofesyonèl Sante Mantal”), yo pral gen yon kontra pou bay sèvis ki gen bon jan kalite, ki apwopriye pou devlopman, ki efikas ak ki apwopriye pou kontèks lekòl la.
 - b. Pwofesyonèl Sante Mantal yo pral bay fòmasyon inisyal ak kontinyèl sou sante mantal jan sa nesesè pou edike anplwaye ansèyman yo sou sijè tankou:
 - i. Kreye ak kenbe yon anviwònman lekòl ki an sekirite ak sipò, ak yon aksan patikilye sou:
 1. Sal klas ki sansib pou chòk yo
 2. Evalyasyon Risk
 3. Kondisyon pou rapò obligatwa yo
 4. Defi sante mantal komen nan popilasyon timoun ak adolesan; epi
 5. Kalite sitiayson kote anplwaye yo ta dwe apwoche pwofesyonèl sante mantal yo pou jwenn resous ak/oswa sipò.

- c. Pwofesyonèl Sante Mantal yo pral ede tou lidè lekòl yo nan deplwaye resous yo avèk efikasite, asire kowòdinasyon sèvis yo, evalye efikasite sèvis yo, ak ajiste sipò pou satisfè bezwen endividyèl elèv yo.
- II. **Sipò pou Fanmi:** Match bay priorite angajman ak paran yo ak fanmi yo pou asire paran yo patisipe nan edikasyon pitit yo nan pi gwo mezi posib. Konsa, anpil manm pèsonèl Match gen kontak ak fanmi elèv yo regilyèman. Atravè kontak konsistan sa a, yo souvan konstwi relasyon solid, ki pèmèt manm anplwaye yo sipòte enfòmèlman byennèt jeneral elèv yo, epi yo vin okouran de pwoblèm potansyèl ki ka mande entèvansyon.
 - a. Lè sa posib, Pwofesyonèl Sante Mantal yo pral fòme anplwaye yo sou endikatè risk yo dwe make nan komunikasyon yo ak fanmi yo.
 - b. Lè sa posib, Pwofesyonèl Sante Mantal yo pral konsilte anplwaye yo pou pataje enfòmasyon sou resous kominotè ki ka itil pou fanmi yo.
 - c. Anplwaye yo pral konsilte Pwofesyonèl Sante Mantal jan sa nesesè pou asire repons apwopriye a sitiyasyon ki rive.
- III. **Sipò pou Anplwaye:** Match fè efò pou bay anplwaye yo yon anviwonman travay ki an sante ak ki bay sipò, paske Match rekonèt sante mantal anplwaye yo enpòtan anpil pou atmosfè lekòl la an jeneral, ansanm ak akonplisman misyon Match.
 - a. Sipèvizè yo dwe tcheke avèk anplwaye yo regilyèman. Reyinyon sa yo pral yon opòtinite pou manm ekip yo enfòme sipèvizè yo sou nenpòt ki potansyèl strès nan espas travay oswa konfli, epi pou sipèvizè yo ofri sipò.
 - b. Lè sa posib, manm ekip yo dwe youn sipòte lòt enfòmèlman, epi yo ta dwe konsilte Pwofesyonèl Sante Mantal ak Resous Imèn si gen rezon pou yo enkyete sou byennèt yon lòt manm pèsonèl la.
 - c. Tout anplwaye ki kalifye yo pral gen opsyon pou jwenn sèvis sante mantal atravè plan asirans sante Match la, ansanm ak aksè nan yon Pwogram Asistans Anplwaye (EAP).
- IV. **Referans ak Kolaborasyon:** Lè w ap reponn nan sitiyasyon difisil, si anplwaye yo detèmine ekspètiz siplementè ak/oswa resous yo ta benefisyé, moun yo ta dwe refere yo bay sèvis deyò.
 - a. Lè sa posib, lidè lekòl yo pral ankouraje patenarya ak òganizasyon ki baze nan kominote a pou ogmante kapasite Match pou bay resous ki apwopriye nan plan kiltirèl ak lengwistik.
 - b. Pwofesyonèl Sante Mantal yo pral bay konsèy ak sipò jan sa nesesè pandan nenpòt pwosesis referans.
 - c. Nan tan lontan, Match te refere elèv yo ak fanmi yo nan sèvis/òganizasyon ki enkli nan [Anyè Resous Kominotè li ya](#).

B. Repons pou Trajedi/Kriz/Plan Ijans

- I. **Developman yon Plan Aksyon:** Nan ka yon trajedi inatandi oswa yon kriz ki ka pwovoke yon bezwen pou ogmante sèvis sante mantal, lidè lekòl yo pral kolabore ak Pwofesyonèl Sante Mantal pou evalye sitiayson an epi aplike yon plan aksyon pou adrese bezwen kominote a. Anplis swiv nenpòt pwosedi ijans, plan sa yo ka enplike eleman sa yo jan lidè lekòl yo detèmine sou yon baz ka pa ka:
 - a. Yon plan kominikasyon pou ni entèn ak ekstèn;
 - b. Yon mwayen pou ogmante aksè a sèvis (pa egzanp, ogmante kantite Pwofesyonèl Sante Mantal sou plas tanporèman);
 - c. Yon plan pou bay akomodasyon rezonab pou elèv ki siyifikativman afekte pa evènman an;
 - d. Yon opòtinite pou Pwofesyonèl Sante Mantal yo bay fòmasyon pou anplwaye yo sou fason pou yo reponn kesyon/reyakson espesifik elèv yo ak fanmi yo, ansanm ak yon rapèl resous ki disponib; epi
 - e. Lòt aksyon jan lidè lekòl yo detèmine an kolaborasyon ak Pwofesyonèl Sante Mantal.
- II. **Timoun ki nan Kriz:** Nan ka yon elèv fè eksperyans yon kriz konpòtman oswa sante mantal sou teren lekòl la, anplwaye yo pral fè pran yon detèminasyon pou rele Ekip Sèvis Ijans Boston oswa rele 9-1-1. Si yo detèmine yon ekip mobil kriz ka evalye elèv la aprè lè lekòl, y ap fè yon referans bay yon ekip kriz nan kominote elèv la avèk konsantman paran an oswa gadyen. Match pral fè efò ki rezonab pou kontakte paran elèv la anvan li rele pou adrese yon ijans. Sepandan, si anplwaye lekòl la detèmine retade yon apèl nan sèvis ijans ta lakòz yon risk pou elèv la oswa lòt elèv oswa manm pèsonèl la, y ap fè yon apèl 9-1-1 imedyatman. Nan ka sa a, Match pral fè efò ki rezonab pou kontakte paran elèv la apre yo fin rele sèvis ijans la.